

Bonjou Fanmi Haverhill,

Pandan nou ap fini ane lekòl 2024–2025 la, mwen vle pran yon ti moman pou remèsye nou pou patenarya nou, sipò nou, ak konfyans nou pandan tout ane sa a. Depi premye jou lekòl la rive jiska jodi a, elèv nou yo grandi, aprann, epi reyalize anpil bagay. Kit se nan salklas la, sou sèn nan, sou teren an, oswa pandan y ap sèvi lòt moun, elèv nou yo te toujou demontre rezistans, kreyativite, ak yon sans solid de kominote. Sa pa ta posib san efò ekstraòdinè pwofesè nou yo, anplwaye nou yo, epi—pi enpòtan toujou—san ou menm ak rès kominote a. Nou fyè de tout sa nou akonpli, epi nou byen eksite pou sa k ap vini.

Kèk ti rapèl avan ane lekòl la fini. [District will soon change how YouTube is accessed](#) on our network and student Chromebooks. Pwoblem ki egziste ak platfòm tankou YouTube se ke konpayi ekstèn jere yo, e politik vi prive yo ka chanje san nou pa gen okenn kontwòl. Malerezman, politik vi prive YouTube pa aliyen nèt ak règleman nou yo sou enfòmasyon elèv ak vi prive. Se poutèt sa, apati dènye jou lekòl la, n ap limite aksè elèv yo sou YouTube. Ou ka li plis sou sa sou ([website](#)) sit entènèt nou an.

([2025 Summer Reading List](#)) Lis Lekti pou Ete 2025 la disponib sou sit entènèt nou an. Pandan vakans ete a, elèv yo gen plis libète pou chwazi sa yo li, sa ki ka ede devlope yon lanmou natirèl pou lekti. Devlope abitud sa a deyò salklas la ede bati kiryozi, imajinasyon, ak kapasite pou aprann pou kont yo—konpetans ki ap sèvi yo pandan tout lavi yo. Nou te kolabore avèk [Haverhill Public Library](#) sou lis sa a epi nou ankouraje elèv yo pran yon liv epi li pandan vakans ete a.

Si w ap toujou chèche aktivite amizan pou pitit ou pandan vakans ete a, [Discovery Club/Access 21 Program](#) nou an gen pwogram ete GRATIS pou elèv ki nan Klas Jadendanfan (Kindergarten) rive jis nan 12yèm ane. Ou ka aprann plis sou pwogram sa yo epi aplike sou sit entènèt yo. Pandan sezon ete a ap kòmanse, mwen ankouraje w ede pitit ou repoze, rebran fòs, epi rete kirye. Kit se atravè lekti, dekouvèt divès resous nan Vil Haverhill, oswa senpleman pase bèl moman ak fanmi ak zanmi, mwa sa yo gen anpil valè pou refleksyon ak renouvèlman. Pou jwenn yon lis resous ak aktivite amizan Haverhill ofri pandan vakans ete a, klike isit la: [2025 Summer Community Programs in Haverhill](#).

Pou elèv ki gradye nou yo ak fanmi k ap pran lòt wout, nou di nou felisasyon epi swete nou anpil siksè nan chemen k ap vini yo! N ap toujou konsidere nou kòm yon pati nan fanmi Hillie Nation, epi n ap toujou la pou ankouraje nou nan tout lòt pwojè ak etap lavi nou ap pran.

Nou pa ka tann pou n akeyi tout lòt moun ankò nan otòn nan, fre epi pare pou yon lòt bèl ane aprantisaj ak kwasans.

Pase yon ete ki an sekirite, detann, epi ki plen ak kè kontan!

Margaret Marotta, Ed.D.
Superintendent of Schools